

Byenveni nan Outer Cape Health Services

Nou rekonesan dèske ou chwazi nou kòm founisè swen sante ou.

Kòm yon Sant Medikal ki Santre sou Pasyan an, OCHS bay swen sante ki baze sou prè, ki chita sou relasyon, epi ki pran tout aspè moun nan an konsiderasyon. Pou nou kapab kolabore ak pasyan yo ak fanmi yo, nou dwe konprann epi respekte bezwen, kilti, valè, ak preferans chak pasyan ki diferan. Pratik sant medikal la soutni pasyan yo aktivman pou ede yo aprann jere ak òganize pwòp swen yo, selon nivo pasyan an chwazi. OCHS rekonèt pasyan ak fanmi yo kòm manm kle nan ekip swen an, e li angaje l pou asire pasyan nou yo vin patnè enfòmè nèt ale nan mete plan swen sou pye, avèk yon konsantre sou prevansyon, byennèt, ak bon jan kalite swen sante.

Fichye Antre pou Nouvo Pasyan sa a dwe ranpli epi remèt bay nou anvan premye randevou ou kapab pran. ***Tanpri ranpli tout fòm aveklank nwa sèlman pou asire lizibilite lè eskane.***

Pake sa a gen ladann bagay sa yo:

- 1) **Avi sou Pratik Konfidansyalite:** Tanpri revize avi sa a ak anpil atansyon.
- 2) **Fòm Enskripsyon Pasyan an:** Tanpri ranpli tout pati nan fòm sa a. Remake byen ke antanke Sant Sante ki Kalifye Federalman, nou oblije kolekte enfòmasyon demografik konsènan pasyan n ap sèvi yo. Enfòmasyon ou bay yo konfidansyèl.
- 3) **Kesyonè Istwa Sante:** Yon rezime istwa medikal ou, medikaman, alèji, abitud sante ak istwa sante fanmi ou. Tanpri ekri tout medikaman ou pran yo; enkli nenpòt medikaman san preskripsyon ak sipleman ou pran.
- 4) **Akò Tretman, Peman ak Done:** Li bezwen siyen anvan ou wè yon klinisyen.
- 5) **Otorizasyon pou Demann Enfòmasyon sou Sante Pwoteje:** Pou asire kontinwite swen, nou dwe resevwa nenpòt dosye medikal nan men Founisè Swen Prensipal (PCP) ou anvan. Se responsablite w pou w ranpli fòm Otorizasyon an pou w ka ba nou pèmasyon pou w mande dosye nan pratik anvan w la.

Tanpri revize Responsablite Pasyan ki annapre yo:

- ❖ Asirans: Nou pa aksepte tout plan asirans. Si ou gen asirans ke nou pa ranpli, ou responsab pou peman nan moman sèvis la. Ou ka soumèt resi ou bay konpayi asirans ou pou ranbousman, men nou pa ka garanti ki ranbousman ki pral fèt, si genyen, pa plan asirans ou a.
- ❖ Nou aksepte peman lajan kach, chèk ak kat kredi.
- ❖ Si w gen yon plan asirans ki egzijè asiyasyon a yon PCP, se responsablite w pou w kontakte konpayi asirans ou a pou w fè yo konnen nouvo PCP w la.
- ❖ Kopeman: Nenpòt kopeman konpayi asirans ou a oblije w bay dwe peye nan moman vizit la.
- ❖ Preskripsyon: Nou mande yon avi 48 èdtan pou nou trete tout demann pou renouvle preskripsyon yo. Si w mande yon renouvèlman medikaman yon Vandredi, li ka pa disponib jiska Lendi.
- ❖ Sibstans Kontwòl yo p ap ranpli nan premye vizit la.

Tanpri rive 15 minit anvan randevou w la.

Mèsi paske w te chwazi Outer Cape Health Services!



AVI SOU PRATIK VI PRIVE

Enfòmasyon w yo. Dwa Ou yo. Responsablite nou yo.

AVI SA A DEKRI KI JAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU YO KAPAB ITILIZE AK PATAJE EPI KI JAN OU KA JWENN AKSÈ AK YO. TANPRI REVIZE LI AVÈK ANPIL ATANSYON. ITILIZASYON AK DIVILGASYON NOU YO

Kijan nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou?

Jeneralman, nou itilize enfòmasyon sou sante w nan fason sa yo:

Pou Trete w - Outer Cape Health Services itilize yon dosye medikal sekirize. Aksè ak dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon Outer Cape Health Services konsève limite ak klinisyen ak anplwaye ki bezwen enfòmasyon an pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante, oswa lòt rezon otorize jan sa dekri nan Avi sa a.

Nan kèk ka, klinisyen nan lòt òganizasyon swen sante yo ka jwenn aksè elektwonikman nan enfòmasyon sante ou Outer Cape Health Services kreye oswa konsève, atravè yon rezo sekirize pou transmisyon enfòmasyon sante tankou Massachusetts Health Information Highway ("The Hiway"). Tout klinisyen yo oblije pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo.

Outer Cape Health Services fè pati yon aranjman swen sante òganize ki gen ladan patisipan nan OCHIN. Yon lis aktyèl patisipan OCHIN disponib sou www.ochin.org. Kòm yon asosye komèsyal Outer Cape Health Services, OCHIN bay Outer Cape Health Services ak lòt patisipan OCHIN teknoloji enfòmasyon ak sèvis ki gen rapò ak sa. OCHIN angaje tou nan evalyasyon kalite ak aktivite amelyorasyon nan non patisipan li yo. Pa egzanp, OCHIN kowòdone aktivite revizyon klinik yo nan non òganizasyon k ap patisipe yo pou etabli estanda pi bon pratik ak jwenn aksè nan benefis klinik ki ka sòti nan itilizasyon sistèm dosye sante elektwonik yo. OCHIN tou ede patisipan yo travay an kolaborasyon pou amelyore jesyon referans pasyan ki entèn ak pasyan ki pa entèn yo. Outer Cape Health Services ka pataje enfòmasyon sou sante ou ak lòt patisipan OCHIN lè sa nesèse pou rezon operasyon swen sante nan aranjman swen sante òganize a.

Swen tout kote – Klinisyen ki patisipe nan swen yon pasyan ki itilize sistèm Epic/OCHIN ka pataje enfòmasyon an sekirite.

Enfòmasyon ki pataje atravè Care Everywhere (Swen tout kote) ka gen ladan enfòmasyon sante sansib tankou tretman oswa referans pou abi dwòg ak alkòl, dyagnostik ak tretman sante mantal, tès jenetik, dyagnostik ak tretman maladi seksyèlman transmisib, ak dyagnostik ak tretman VIH/SIDA. Pasyan yo ka refize enfòmasyon yo pataje atravè Care Everywhere.

Pou dirije òganizasyon nou an - Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sante ou pou nou fonksyone nan pratik nou an, amelyore swen ou epi kontakte ou lè sa nesèse. Pa egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou jere tretman ak sèvis ou yo.

Pou voye bòdwo pou sèvis nou yo - Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sante ou pou nou voye bòdwo epi kolekte pèman nan men plan sante oswa antite. Pa egzanp: Nou bay plan asirans sante w la enfòmasyon sou ou pou l ka peye sèvis ou yo.

Kontakte ou - Nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou pou kontakte ou ak enfòmasyon sou tretman ak enstriksyon pou swen swivi oswa ak enfòmasyon sou sèvis nou bay yo. Pa egzanp, nou ka kontakte ou konsènan randevou pwogram oswa anile, dènye enfòmasyon sou enskripsyon oswa asirans, kesyon sou faktirasyon oswa pèman, evalyasyon anvan pwosedi, sondaj satisfaksyon oswa rezilta tès.

Ki lòt fason nou ka pataje enfòmasyon ou yo? - Nou gen dwa oswa obligasyon pou pataje enfòmasyon ou yo nan lòt fason – anjeneral nan fason ki kontribye nan byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou dwe satisfè anpil kondisyon nan lalwa anvan nou ka pataje enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon: <https://www.hhs.gov/hipaa/for-professionals/privacy/index.html>

Ede ak pwoblèm sante piblik ak sekirite, tankou:

- Prevansyon maladi
- Ede ak rapèl pwodwi yo
- Rapòte reyaksyon negatif sou medikaman yo
- Rapòte abi, neglijan, oswa vyolans domestik yo sispèk.
- Anpeche oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun

Fè rechèch - Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou rechèch sou sante.

Konfòme ak lalwa - Si lalwa leta oswa federal egzije sa, n ap pataje enfòmasyon ou yo.

Egzanp: Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Massachusetts (“MIIS”) se yon sistèm nan tout eta a pou swiv vaksen yo bay ou menm ak fanmi ou. Objektif la se asire tout moun nan eta a gen vaksen yo ajou epi pou dosye yo disponib lè ou bezwen yo, tankou lè yon timoun antre lekòl, nan yon ijans oswa lè ou chanje klinisyen swen sante ou. Ou ka chwazi pou w pa patisipe nan pwogram nan, men enfòmasyon w yo ap kontinye konsève nan baz done MIIS la. Chwazi pa patisipe sèlman vle di w ap bezwen kenbe dosye vaksinasyon pitit ou a si w chanje doktè oswa si w pran vaksen nan yon lòt etablisman sante.

Reponn ak demann pou don ògàn ak tisi - Nou pataje enfòmasyon sou ou ak òganizasyon ki preleve ògàn.

Travay ak yon medsen lejis oswa yon direktè ponp finèb - Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ak yon kowonè, yon medsen lejis, oswa yon direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

Adrese konpansasyon pou travayè, aplikasyon lalwa, ak lòt demann gouvènman an

- Pou reklamasyon konpansasyon travayè yo
- Pou rezon ki fè respekte lalwa oswa ak yon ofisyèl ki fè respekte lalwa
- Ak ajans siveyans sante pou aktivite lalwa otorize yo
- Pou fonksyon espesyal gouvènman an tankou militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl yo.

Reponn ak pwosè ak aksyon legal - Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ou bay yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, oubyen an repons ak yon sitasyon (sof si gen estanda eta ki pi estrik ki anpeche divilgasyon sa yo).

Jeneralman, n ap mande w konsantman ekri oswa yon lòd jij la anvan nou pataje sèten enfòmasyon sansib sou ou tankou:

- Dosye sou Itilizasyon Alkòl ak Sibstans - Gade AVI SOU PWOTEKSYON ADISYONÈL POU DOSYE SOU TWOUB ITILIZASYON SIBSTANS ki anekse nan fen Avi sa a.
- Enfòmasyon sou SIDA, ARC oswa VIH, ki gen ladan men pa limite ak sitiyasyon oswa rezilta tèst yo, kèlkeswa si rezilta tèst yo pozitif oswa negatif.
- Maladi ki Transmèt Seksyèlman
- Rezilta Tès Jenetik yo
- Konsantman pou Avòtman
- Konsèy pou Viktim Vyolans Domestik oswa Agresyon Seksyèl
- Sèten dokiman siko-terapi
- Kominikasyon ak Founisè Sante Mantal ak Travayè Sosyal yo

- **Kèk pwogram finansman federal ak eta.** Nou se yon Asosye Komèsyal pou plizyè ajans federal ak eta, kidonk, si ou se yon kliyan youn oswa plis nan ajans sa yo, enfòmasyon anonim ou yo ka pataje ak ajans sa yo jan lalwa pèmèt sa sou demann ajans yo.

RESPONSABILITE NOU YO

- Lalwa egzije nou pou nou kenbe vi prive ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou yo.
- N ap fè w konnen san pèdi tan si yon vyolasyon rive ki ka konpwomèt vi prive oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou ap swiv devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi sa a epi ba ou yon kopi.
- Nou p ap pataje oswa itilize enfòmasyon ou yo lòt fason pase jan sa dekri nan Avi sa a sof si ou di nou nou kapab fè sa alekri. Si ou di nou nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt lè. Fè nou konn sa alekri si ou chanje lide.

Pou plis enfòmasyon, gade: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Kòm manm Community Care Cooperative (C3) Accountable Care Organization (ACO), nou angaje nou pou nou pwoteje vi prive ou epi asire enfòmasyon pèsònèl ou trete ak swen ak respè. **Kòm yon pati nan efò nou pou bay swen konplè ak enklizif, nou ranmase enfòmasyon demografik, tankou ras, etnisite, lang ou pi pito, andikap, idantite seksyèl, ak oryantasyon seksyèl.** Enfòmasyon sa yo ede nou pi byen konprann ak satisfè divès bezwen kominote nou an. Aksè ak done demografik yo limite sèlman pou pèsònèl otorize yo.

Gen pwoteksyon fizik, tankou sistèm dokimantasyon sekirize ak zòn aksè restriksyon, an plas pou anpeche aksè san otorizasyon. Sistèm dosye sante elektwonik (electronic health record, EHR) nou yo ekipe ak mezi sekirite solid pou pwoteje kont aksè san otorizasyon, tankou chifreman, otantifikasyon itilizatè, ak santye odit. **Nou itilize enfòmasyon demografik pou nou adapte sèvis ak pwogram nou yo pou pi byen satisfè bezwen ak preferans endividyèl ou yo. Yo p ap janm itilize enfòmasyon demografik pou fè diskriminasyon kont okenn moun oswa gwoup oswa estigmatize okenn moun oswa gwoup. Nou p ap divilge enfòmasyon demografik ou bay okenn twazyèm pati san konsantman eksplisit ou, sof si lalwa egzije sa.**

DWA OU

Lè sa konsène enfòmasyon sou sante w, ou gen sèten dwa. Seksyon sa a eksplike dwa ou yo ak kèk nan responsablite ou yo pou ede ou.

Jwenn yon kopi elektwonik dosye medikal ou a - Ou ka mande pou wè oswa jwenn yon kopi elektwonik oswa sou papye dosye medikal ou a ak lòt enfòmasyon sante nou genyen sou ou. Mande nou kijan pou nou fè sa. N ap ba ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante ou, jeneralman nan espas 30 jou aprè demann ou an. Nou ka chaje yon frè rezonab, ki baze sou pri.

Mande nou pou nou korije dosye medikal ou a - Ou ka mande nou pou nou korije enfòmasyon sou ou ou panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou nou fè sa.

Nou ka di "non" ak demann ou an, men n ap di w poukisa alekri nan espas 60 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl -Ou ka mande nou pou kontakte w nan yon fason espesifik (pa egzanp, telefòn lakay ou oswa nan biwo) oswa pou voye kourye lapòs nan yon lòt adrès.

N ap di "wi" pou tout demann ki rezonab.

Mande nou pou limite sa nou pataje -

- Ou ka mande nou pou nou pa itilize oswa pataje kèk enfòmasyon sou sante ou pou tretman, pèman, oswa operasyon nou yo. Nou pa oblije dakò ak demann ou an, epi nou ka di "non" si sa ta afekte swen ou an.
- Si ou peye nèt pou yon sèvis oswa yon atik swen sante ak lajan ki soti nan pòch ou, ou ka mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon sa a pou rezon pèman oswa operasyon nou yo ak konpayi asirans sante ou. N ap di "wi" sof si yon lwa egzije nou pataje enfòmasyon sa yo.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ak yo -

- Ou ka mande yon lis (kontrandi) sou kantite fwa nou te pataje enfòmasyon sante w pandan 6 dènye ane yo anvan dat ou mande sa, ak ki moun nou te pataje l epi poukisa.
- N ap mete tout divilgasyon yo eksepte sa yo ki konsène tretman, pèman, ak operasyon swen sante, ak kèk lòt divilgasyon ou te mande nou fè.

Jwenn yon kopi Avi sou Vi Prive a - Ou ka mande yon kopi papye avi sa a nenpòt lè, menm si ou te dakò pou resevwa avi a elektwonikman.

N ap ba ou yon kopi papye touswit. **Chwazi yon moun pou aji pou ou**- Si ou te bay yon moun pwokirasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a ka egzèse dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon sante ou.

N ap asire nou moun nan gen otorite sa a epi li ka aji pou ou anvan nou pran nenpòt mezi.

Depoze yon plent si w santi dwa w yo te vyole. Ou ka pote plent si w santi nou vyole dwa w lè w kontakte kote w te resevwa swen an, oswa lè w kontakte Outer Cape Health Services Privacy Officer nan 508-905-2820. Ou ka depoze yon plent devan:

- Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, 200 Independence Avenue, SW, Washington DC 20201, 1-877-696-6775 oubyen www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints.
- Biwo Kowòdinatè Nasyonal pou Teknoloji Enfòmasyon sou Swen Sante nan <https://www.healthit.gov/topic/information-blocking>
- Manm C3 yo ka depoze yon plent bay Community Care Cooperative (C3), Member Advocates – Grievance, 75 Federal Street, 7th floor, Boston, MA 02110 oswa nan 866-676-9226 (TTY 711)

Outer Cape Health Services p ap pran revanj kont ou paske w depoze yon plent.

CHWA OU YO

Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou ka di nou chwa ou genyen sou sa nou pataje. Tanpri fè nou konnen si ou gen yon preferans klè sou kijan nou pataje enfòmasyon nan sitiyasyon ki dekri anba a.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou di nou pou nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki enplike nan swen w lan.
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou katastwòf

Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp si ou pèdi konesans, nou ka pataje enfòmasyon ou yo si nou kwè li nan pi bon enterè ou. Nou ka pataje enfòmasyon tou lè sa nesèse pou nou diminye yon menas grav ak iminan pou sante oswa sekirite.

Nan ka sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon ou yo sof si ou ban nou pèmisyon alekri oswa yon atestasyon (si lalwa egzije sa):

- Objektif maketin
- Vann enfòmasyon ou yo
- Pifò pataj nòt siko-terapi

Si ou pa vle yo kontakte w konsènan ranmasaj fon, tanpri kontakte Ofisye Konfidansyalite Outer Cape Health Services nan 508.905.2820.

Dwa pou chanje kondisyon ki nan Avi sa a

Nou ka chanje kondisyon Avi sa a, epi chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo Avi a ap disponib sou demann, nan Outer Cape Health Services ak sou sit entènèt nou an.

Kontakte Nou

Si ou gen nenpòt kesyon sou Avi Pratik Vi Prive sa a, tanpri kontakte Ofisye Vi Prive (Privacy Officer) nou an nan Compliance@OuterCape.org.

AVI SOU PWOTEKSYON ADISYONÈL POU DOSYE TWOUB ITILIZASYON SIBSTANS

Avi Pratik Konfidansyalite HIPAA nou an ("HIPAA NPP") aplike pou tout pasyan nou yo. Si w resevwa tretman, dyagnostik, oswa rekòmandasyon pou tretman nan youn nan Pwogram pou Twoub Itilizasyon Sibstans nou yo ("Pwogram Pati 2"), konfidansyalite dosye w yo nan pwogram sa yo ("Dosye Pati 2") anba plis pwoteksyon anba lalwa ak règleman federal 42 U.S.C. § 290dd-2, 42 U.S.C. 290ee-3, ak 42 C.F.R. Pati 2 ("Pati 2").

AVI SA A KONPLÈTE HIPAA NPP A EPI LI DEKRI:

- I. KI JAN DOSYE PATI 2 OU YO KA ITILIZE AK DIVILGE,
- II. DWA OU GENYEN AN RAPÒ AK DOSYE PATI 2 YO, AK
- III. KI JAN POU DEPOZE YON PLENT KONSÈNAN YON VYOLASYON KONFIDANSYALITE OSWA SEKIRITE DOSYE PATI 2 OU YO, OSWA DWA OU GENYEN KONSÈNAN DOSYE PATI 2 OU YO.

OU GEN DWA POU JWENN YON KOPI AVI SA A (SOU PAPYE OSWA FÒM ELEKTRONIK) EPI POU DISKITE SOU LI AK OFISYE VI PRIVE A NAN Compliance@OuterCape.org SI OU GEN NENPÒT KESYON.

I. ITILIZASYON AK DIVILGASYON

Pwogram Pati 2 nou yo ka itilize epi divilge Dosye Pati 2 ou yo sèlman jan sa dekri nan seksyon sa a oswa ak konsantman ou alekri.

(A) Itilizasyon ak Divilgasyon Dosye Pati 2 ki Otorize san Konsantman

- Pou kominike ak lòt anplwaye nan Pwogram Pati 2 a ki bezwen enfòmasyon an an koneksyon ak devwa yo pou bay dyagnostik, tretman, oswa referans pou tretman oswa moun/biwo ki gen kontwòl administratif dirèk sou Pwogram Pati 2 a.
- Pou òganizasyon sèvis kalifye k ap ba nou sèvis oswa nan non nou.
- Bay ajans oswa ofisyèl fòs lòd yo si ou komèt, oswa menase pou komèt, yon krim nan etablisman nou yo oswa kont pèsònèl nou an.
- Pou rapòte abi ak neglijan yo sispèk sou timoun, an akò ak lwa eta yo.
- Pou pèsònèl medikal nan yon ijans medikal nan sèten kondisyon.
- Pou rezon rechèch si sèten kondisyon ranpli.
- Pou pèsònèl kalifye pou jesyon ak odit finansye oswa evalyasyon pwogram ki dakò alekri pou respekte limit sou itilizasyon ak redivilgasyon.
- Bay yon otorite sante piblik, si yo te byen rann enfòmasyon an anonim.

(B) Itilizasyon ak Divilgasyon Otorize ki Mande Konsantman

- Pou tretman, pèman, ak operasyon swen sante.

Pwogram Pati 2 nou an ap mande w pou w bay yon sèl konsantman alekri pou tout itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon w yo nan lavni pou tretman, pèman, ak operasyon swen sante pou asire w ap resevwa pi bon nivo swen kowòdone. Si ou pa siyen konsantman sa a, nou ka pa kapab trete ou. Konsantman sa a ap rete an vigè jiskaske ou revoke li alekri.

- Dosye ki divilge ban nou oswa bay yon lòt pwogram Pati 2, yon antite ki anba pwoteksyon HIPAA, oswa yon asosye biznis dapre konsantman alekri ou pou tretman, pèman, ak operasyon swen sante, nou menm oswa pwogram Pati 2 sa a, antite ki anba pwoteksyon HIPAA a, oswa asosye komèsyal sa a ka divilge plis toujou san konsantman alekri ou, nan limit règleman HIPAA yo pèmèt divilgasyon sa a.
- Pwogram Pati 2 nou an ka fè itilizasyon ak divilgasyon ki pa dekri nan avi sa a sèlman ak konsantman ekri ou.

(C) Dwa pou revoke oswa retire yon konsantman

Ou ka anile oswa revoke konsantman ekri ou a nenpòt lè lè w soumèt yon demann bay Pwogram Pati 2 a. Nou p ap itilize oswa divilge Dosye Pati 2 ou yo ankò apre tan sa a, sof si nou te deja aji sou li.

Si yo te egzije w pou w resevwa tretman atravè sistèm legal kriminel la (ki gen ladan tribinal dwòg, pwobasyon, oswa libète sou kondisyon) epi ou siyen yon konsantman ki otorize divilgasyon bay eleman sistèm legal kriminel la tankou tribinal la, ofisye pwobasyon yo, ofisye libète sou kondisyon yo, pwokirè yo, oswa lòt fòs lòd, dwa ou pou revoke konsantman an ka pi limite epi yo ta dwe eksplike li klèman sou konsantman ou siyen an.

(D) Itilizasyon oswa Divilgasyon nan Pwosedi Legal

Dosye Pati 2 ou yo, oswa temwayaj ki rapòte kontni dosye sa yo, pa dwe itilize oswa divilge nan okenn pwosedi sivil, administratif, kriminel oswa lejislatif kont ou sof si ou bay konsantman espesifik alekri oswa yon lòd tribinal ki konfòm ak Pati 2 otorize divilgasyon sa a.

Dosye Pati 2 yo dwe sèlman itilize oswa divilge dapre yon lòd tribinal apre yo fin ba ou yon avi epi yo ba ou opòtinite pou yo tandè w ak/oswa Pwogram Pati 2 nou an, kote 42 U.S.C 290dd-2 ak 42 CFR Pati 2 egzije sa
Yon lòd tribinal ki otorize itilizasyon oswa divilgasyon dwe gen yon sitasyon oswa yon lòt manda legal menm jan an ki oblije divilge dosye a anvan yo itilize oswa divilge li.

II. Dwa ou yo ki gen rapò ak Dosye Pati 2 ou yo

Antanke pasyan nan Pwogram Pati 2 nou an, ou gen tout dwa ki nan lis nan HIPAA NPP a, tankou dwa pou mande restriksyon sou divilgasyon ki fèt ak konsantman davans pou rezon tretman, pèman, ak operasyon swen sante.
Ou gen dwa tou pou jwenn yon kontabilizasyon divilgasyon Dosye elektwonik Pati 2 ki te fèt ak konsantman ou pandan 3 dènye ane yo, ki gen ladan divilgasyon pou tretman, pèman, ak operasyon swen sante lè divilgasyon sa yo fèt atravè yon dosye sante elektwonik.

III. Depoze yon Plent

Gade HIPAA NPP pou plis enfòmasyon sou kijan pou depoze yon plent.

Fòm Enskripsyon Pasyan

Enfòmasyon sou Pasyan (Tanpri enprime anklè ak lank NWA sèlman)			
Non Legal*	Siyati	Non	Inisyal Non Mitan
			Non pi pito:
Dat Nesans (mm/jj/aaaa) ____/____/____		# Sekirite Sosyal	

Oryantasyon Seksyèl ak Idantifikasyon Sèks			
Sèks Asiyen ala Nesans ☐ Gason ☐ Fi ☐ Entèsèks ☐ Pa Anrejistre sou Batistè ☐ Mwen pa konnen/mwen pa sèten sou sèks mwen ala nesans ☐ Mwen chwazi pa reponn ☐ Lòt _____		Sèks Legal ☐ Gason ☐ Fi ☐ Ki pa binè ☐ Lòt _____	
		Pwonon ☐ Li ☐ Li ☐ Yo ☐ Non Pasyan an ☐ Mwen chwazi pa reponn ☐ Pwonon mwen yo pa nan lis	
Oryantasyon Seksyèl ☐ Aseksyèl ☐ Biseksyèl ☐ Gay ☐ Etewoseksyèl ☐ Omniseksyèl ☐ Panseksyèl ☐ Queer ☐ Mwen pa konnen ☐ Mwen chwazi pa reponn ☐ Lòt _____		Idantite Seksyèl ☐ Gason ☐ Fi ☐ Fi transjan ☐ Gason transjan ☐ An Kesyonman ☐ Genderqueer oswa ki pa binè ☐ Mwen chwazi pa reponn ☐ Lòt _____	

Enfòmasyon sou kontak			
Adrès Lapòs	Vil	Eta	Kòd Postal
Adrès (si diferan de pi wo a)	Vil	Eta	Kòd Postal
Tanpri sèkle nimewo telefòn prensipal ou a:			
Telefòn Lakay: () Telefòn Selilè: () Telefòn Travay: ()		Preferans Kominikasyon <i>Tcheke tout sa ki aplike:</i> ☐ Lapòs ☐ MyChart ☐ Imèl ☐ Telefòn <i>Rapèl randevou pa defo nan mesaj tèks. Tanpri tcheke si ou prefere apèl nan telefòn.</i> ☐	
Adrès imel		Èske w ta renmen enskri pou MyChart? ☐ Wi ☐ Non	

Non Pasyan _____

Dat Nesans _____

Enfòmasyon Demografik

Enfòmasyon sa a se pou rezon demografik sèlman epi yo pa pral afekte swen ou. Antanke Sant Sante ki kalifye federalman, Outer Cape Health oblije kolekte enfòmasyon demografik konsènan pasyan n ap sèvi yo. Enfòmasyon ou bay yo konfidansyèl.

Eta Sivil

- ☐ Marye ☐ Patenarya
☐ Selibatè ☐ Divòse
☐ Lòt _____

Estatè Veteran

- ☐ Sèvis Aktif
☐ Sèvis Inaktif
☐ Pa yon Veteran
☐ Veteran Rezèvis

Etnisite

- ☐ Ispanik oswa Latino
☐ Pa Ispanik oswa Latino
☐ Mwen pa konnen/mwen pa sèten de etnisite mwen
☐ Mwen chwazi pa reponn

Gwoup Rasyal (yo) (Tcheke tout sa ki aplike)

- ☐ Endyen Ameriken oswa Natif
 Natal Alaska
 Tanpri
 Espesifye _____
☐ Azyatik
 Tanpri
 Espesifye _____
☐ Nwa oswa Afwo Ameriken

- ☐ Natif Natal Awayi oswa Lòt
 Moun nan zile Pasifik la
 Tanpri Espesifye _____
☐ Blan

- ☐ Lòt
 Tanpri Espesifye _____
☐ Mwen chwazi pa reponn
☐ Mwen pa konnen/mwen pa sèten sou ras mwen an

Travay**Estatè Travay**

- ☐ Travay aplentan
☐ Travay a tan pasyèl
☐ Elèv aplentan
☐ Lòt: _____

Okipasyon**Non Anplwayè/Lekòl la**

Èske w kouvri anba asirans lekòl la oswa asirans patwon an?

☐ Wi ☐ Non**Lang****Lang pale pi pito**

- ☐ ASL
☐ Angle
☐ Franse
☐ Kreyòl Ayisyen
☐ Panyòl
☐ Pòtigè
☐ Mwen chwazi pa reponn
☐ Lòt _____

Lang Ekri Prefere

- ☐ Angle
☐ Franse
☐ Kreyòl Ayisyen
☐ Panyòl
☐ Pòtigè
☐ Mwen chwazi pa reponn
☐ Lòt _____

Famasi Prefere**Non Famasi** _____ **Adrès** _____

Non Pasyan _____

Dat Nesans _____

Enfòmasyon sou Asirans	
Medikal	Non Plan _____ # Abòne _____ Non Abòne _____ Dat Nesans: _____ Adrès Abòne _____
Segondè	Non Plan _____ # Abòne _____ Non Abòne _____ Dat Nesans: _____ Adrès Abòne _____
Vizyon	Non Plan _____ # Abòne _____ Non Abòne _____ Dat Nesans: _____ Adrès Abòne _____

Andikap			
1. Èske ou soud oswa ou gen difikilte pou tande?	WI	NON	Mwen Chwazi pou m Pa Reponn
			Mwen Pa Konnen/Mwen Pa Sèten
2. Èske w avèg oswa ou gen difikilte pou w wè?	WI	NON	Mwen Chwazi pou m Pa Reponn
			Mwen Pa Konnen/Mwen Pa Sèten
3. Akòz yon kondisyon fizik, mantal, oswa emosyonèl, èske ou gen grav difikilte pou konsantre, sonje, oswa pran desizyon?	WI	NON	Mwen Chwazi pou m Pa Reponn
			Mwen Pa Konnen/Mwen Pa Sèten
4. Èske ou gen difikilte pou mache oswa monte eskalye?	WI	NON	Mwen Chwazi pou m Pa Reponn
			Mwen Pa Konnen/Mwen Pa Sèten
5. Èske w gen difikilte pou w abiye oswa benyen?	WI	NON	Mwen Chwazi pou m Pa Reponn
			Mwen Pa Konnen/Mwen Pa Sèten
6. Akòz yon kondisyon fizik, mantal, oswa emosyonèl, èske ou gen difikilte pou fè komisyon?	WI	NON	Mwen chwazi pou m pa reponn
			Mwen Pa Konnen/Mwen Pa Sèten

Siyati Pasyan _____

Dat: _____

Fòm Demografik Anyèl

Non Pasyan an: _____ Dat Nesans: _____

Tout pasyan yo dwe ranpli fòm sa a epi yo pral mande yo mete l ajou chak ane. Antanke yon sant sante ki kalifye nan domèn federal, nou oblije jwenn enfòmasyon ki anba a. Enfòmasyon sa a se pou sibvansyon, finansman ak rapò SÈLMAN. Yo pa janm rapòte okenn enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman. Lalwa pwoteje konfidansyalite enfòmasyon yo rapòte anba a.

Gwosè Fanmi:

Konbyen moun ki nan fwaye w? _____ ☐ Chwazi Pou Pa Divilge

Revni:

Lè w konte tèt ou, mari oswa madanm ou ak tout timoun depandan yo (sa yo ki gen 18 an oswa pi piti ki toujou reklame kòm depandan sou deklarasyon taks federal ou a) ki revni brit ou (revni anvan taks) pou fanmi ou?

\$ _____ **Chwazi youn:** ☐ Chak jou ☐ Chak semèn ☐ Chak mwa ☐ Chak ane
☐ Chwazi Pou Pa Divilge

Estatik Sanzabri

Kilès ki pi byen dekri sitiyasyon lojman/sanzabri w?

- ☐ Nan risk pou sanzabri
- ☐ Timoun nan risk pou sanzabri
- ☐ Kounye a pa sanzabri, men te sa nan 12 dènye mwa yo
- ☐ K ap viv nan yon refij
- ☐ Viv ak lòt moun
- ☐ Pa sanzabri
- ☐ Lojman sipò pèmanan
- ☐ Otèl a okipasyon senp
- ☐ Lari, kan, pon
- ☐ Nan lojman tranzisyon
- ☐ Veteran an risk pou sanzabri
- ☐ Chwazi Pou Pa Divilge

Estatik travayè migran/sezonye

Èske w se yon travayè agrikòl migran oswa sezonye? ☐ Sezonye ☐ Migran ☐ Okenn
☐ Chwazi Pou Pa Divilge

Itilizasyon Anplwaye Sèlman: PCP _____



KESYONÈ ISTWA SANTE

Tout enfòmasyon ou bay yo se strikteman konfidansyèl epi yo pral tounen yon pati nan dosye medikal ou. Tanpri reponn kesyon yo pi byen ou kapab. Ou ka kite nenpòt oswa tout chan yo vid, men founisè w la ka mande enfòmasyon yo nan vizit biwo w la. ***Tanpri ranpli nan lank NWA sèlman.***

Dat Konplete: _____

DEMOGRAFIK

Siyati _____ Prenon _____ Inisyal Non Lanmitan _____

Dat Nesans (mm/jj/aaaa) _____

Preferans Sèks Founisè Swen Prensipal

Gason

Fi

Pa Gen Preferans

Sous Swen Sante Anvan yo: (Non Founisè Swen Prensipal, Etablisman, Nimewo Telefòn)

Dat Dènye Vizit la? _____

Èske w ranpli epi siyen yon fòm divilgasyon dosye medikal pou swen prensipal ou a founisè ak espesyalis, ki gen ladan founisè sante mantal? ☐ Wi ☐ Non

Si ou pa, tanpri ranpli epi siyen fòm divilgasyon yo.

KONDISYON MEDIKAL: Sèklenenpòt nan kondisyon sa yo ou te genyen.

Alèji oswa Opresyon	Kolestewòl (wo)	Tansyon Wo
Remonte Asid/zègrè	Ensifizans kadyak konjestif	Maladi Poumon
Alkolism	Depresyon ak/oswa Anksyete	Konjesyon Serebral
Anemi	Dyabèt	Maladi Tiwoyid
Atrit	Twoub Itilizasyon Dwòg oswa Alkòl	Lòt (lis):
Boul nan Tete/kis	Maladi Kè	
Kansè (timè)	Epatit	

CHIRIJI AK LÒT OSPITALIZASYON

Dat	Kalite operasyon / rezon	Non lopital la

DÈNYES TÈS DEPISTAJ (pa egzanp, dènye mamografi, tès pap, kolonoskopi – Tanpri mande dosye anvan nan enstitisyon kote sa yo te fèt)

LÒT DOKTÈ AK ESPESYALIS (Ekip Swen Pasyan)

Kalite Espesyalis	Espesyalis/	Kalite Espesyalis	Espesyalis/ Etablisman
Dantè		Gyn/OB	
Doktè Je		Podyatri	
Dèmatoloji		Lòt	
Sikyatri (ki ap preskri)		Lòt	
Terapis/Konseye		Lòt	

PRESKRIPSYON, MEDIKAMAN AK PWODWI A BAZ FÈY**Non****Dòz****Frekans**

ALÈJI AK MEDIKAMAN**Medikaman****Reyaksyon**

ALERJI AK SOUS MANJE AK ANVIWÒNMAN**Sous****Reyaksyon**

ISTWA SOSYAL/ABITID SANTE AK SEKIRITE PÈSONÈL**Metye:**

Sitiyasyon Lavi:

Eta Sivil☐ Selibatè☐ Marye☐ Patenarya☐ Separe☐ Divòse☐ Vèf

Fimen Èske w te janm itilize tabak?

☐ Fimè aktyèl ☐ Ansyen fimè ☐ Pa janm fimen
 Si wi, konbyen ane ou te itilize tabak? _____
 Si wi, dènye ane yo itilize? _____
 Kantite pa jou: Sigarèt _____ Siga _____ Vapè/Pip _____ Moulen _____

Alkòl

Konbyen fwa ou te bwè yon bwason ki gen alkòl nan ane ki sot pase a?
☐ Pa janm ☐ Chak mwa oswa mwens ☐ De a kat fwa pa mwa
☐ De a twa fwa pa semèn ☐ Kat oswa plis fwa pa semèn

Konbyen bwason ki gen alkòl ou te gen nan yon jou tipik lè ou t ap bwè nan ane ki sot pase a? (1 bwason = 12 oz byè, 4 oz diven, 1.5 oz likè)

☐ 0 bwason ☐ 1 oswa 2 ☐ 3 oswa 4 ☐ 5 oswa 6 ☐ 7 a 9 ☐ 10 oswa plis

Konbyen fwa ou te bwè sis oswa plis bwason nan yon okazyon nan ane ki sot pase a

☐ Pa janm ☐ Mwens pase chak mwa ☐ Chak mwa ☐ Chak semèn
☐ Chak jou oswa prèske chak jou

Sante Seksyèl

Ki dènye tès ou te fè pou enfeksyon seksyèlman transmisib (STIs)? _____

Èske w te gen nenpòt kalite kontak seksyèl depi dènye fwa ou te fè tès pou MST?

☐ Wi ☐ Non

Si w gen yon enkyetid konsènan enfeksyon seksyèlman transmisib ke ou bezwen adrese pi ijan, tanpri kontakte nou Anplwaye Sante Seksyèl nan 774-538-3350

Dwòg

Èske w te janm itilize dwòg pou lwazi oswa dwòg nan lari?

☐ Wi ☐ Non

Èske w te janm mal itilize medikaman sou preskripsyon oswa ki pa gen preskripsyon?

☐ Wi ☐ Non

Èske w te janm bay tèt ou medikaman ak yon zegwi ke yo pa te preskri w?

☐ Wi ☐ Non

Èske ou ta renmen rankontre ak yon klinisyen pou diskite konfidansyèlman sou itilizasyon dwòg ou a?

☐ Wi ☐ Non

Vyolans Domestik

Èske w te janm viktim abi vèbal, sikolojik oswa fizik?

☐ Wi ☐ Non

Èske w te janm santi w pa an sekirite oswa menase pa yon moun ki pwòch ou?

☐ Wi ☐ Non

Èske w santi w an sekirite lakay ou?

☐ Wi ☐ Non

Rejim Liste nenpòt restriksyon dyetetik: _____

Egzèsis Ki kalite egzèsis ou fè? _____

Konbyen fwa pa semèn? _____ Dire antrennman _____

Kafeyin Kantite tas/bwason pa jou?

Kafe _____ Soda _____

Te _____ Bwason enèjizan _____

Sante Mantal Èske w te janm entène lopital sikyatrik? ☐ Wi ☐ Non

Èske w te janm eseye swisid? ☐ Wi ☐ Non

Sekirite Manje Nan 12 mwa ki sot pase yo, èske ou te enkyete ke manje ta fini anvan ou te gen lajan pou achte plis.

☐ Wi ☐ Pafwa ☐ Pa janm

Sante Fanm Èske w ansent? ☐ Wi ☐ Non

Dat dènye règ _____ Règ chak ____ jou pou ____ jou

Èske w ap eseye vin ansent kounye a? ☐ Wi ☐ Non

Si non, ki metòd kontwòl nesans ou ye? _____

ISTWA MEDIKAL FANMI

☐ Èske ou te **Adopte?** – Istwa Enkonni ☐ Wi ☐ Non

Manm Fanmi	Laj	Vivan?	Si li mouri, akòz	Laj lè Lanmò
Manman				
Papa				
Frè ak sè (yo)				
Timoun yo				
Lòt				

Mèsi paske w te ranpli fòm sa a

Otorizasyon pou Demann Enfòmasyon sou Sante Pwoteje

Tanpri ranpli yon fòm pou chak founisè

Si w bezwen lòt fòm demann, ou ka jwenn yo sou sit entènèt nou an oswa nan klinik la



Non Pasyan	Siyati	Prenon	Inisyal Non Mitan	Dat Nesans Pasyan (mm/jj/aaaa)
Adrès Pasyan	Lari	Lavil/Vil	Eta	Kòd Postal
Nimewo Telefòn Pasyan an				
Mwen otorize epi mande pou yo voye yon kopi dosye medikal mwen pa lapòs oswa faks bay: Outer Cape Health Services P.O. Box 598, Harwich Port, MA 02646 Faks: 508-487-6298 Pou objektif: ☐ Pèsonèl ☐ Legal ☐ Transfè Swen ☐ Lòt Enfòmasyon ki Mande: _____ ☐ Tout Dosye Kouvri peryòd ki soti nan: _____ pou _____				
Enfòmasyon Sou Ansyen Pratik				
Non Pratik				
Adrès Pratik				
Nimewo Telefòn		Nimewo Faks		

Pwoteje anba Lwa Eta a: Tanpri mete inisyal anba a

Tretman pou abi alkòl ak/oswa dwòg	MWEN Otorize. Inisyal:
VIH/Maladi Transmisib*	MWEN Otorize. Inisyal:
Tès Jenetik	MWEN Otorize. Inisyal:
Sèvis Sante Mantal	MWEN Otorize. Inisyal:
(Sèvis Sante Mantal pa yon espesyalis enfimyè klinik, Sikològ, Travayè Sosyal, pwofesyonèl konseye oswa yon doktè ki espesyalize nan sikyatriki gen lisans dapre dispozisyon Tit 32)	

Otorizasyon sa a valab pou divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje Sante pou 180 jou apati dat ki anba a **OSWA**(tanpri endike):

☐ Yon sèl fwa Divilgasyon ☐ Lè yo fini sèvis yo ☐ Jiskaske Revoke alekri ☐ Lòt

Non Pasyan oswa Reprezantan Legal (imprime) _____

Adrès: _____

Siyati Pasyan oswa Reprezantan Legal: _____ Dat: _____

Relasyon ak Pasyan: _____ Nimewo Telefòn: _____

Pou pratik voye dosye , tanpri voye sèlman sa ki annapre yo:

- Fèy antretyen sante
- Kanè vaksinasyon
- Dènnye CPE
- 3 dènnye nòt vizit kabinè yo
- Laboratwa pou ane aktyèl ak ane anvan yo
- Tout rapò patoloji
- Dènnye rapò PAP ak nenpòt rapò anòmal
- Dènnye kolonoskopi ak nenpòt rapò ki pa nòmal
- Dènnye mamogram ak nenpòt rapò ki pa nòmal
- Dènnye radyografi nan pwatrin ak nenpòt rapò anòmal
- Tout etid IRM, CT, radyoloji entèvansyonèl
- Tout konsiltasyon nan 2 ane ki sot pase yo ak eksepsyon, nan tout konsiltasyon kadyoloji, newoloji, newosikyatri ak doulè
- Tout tès kadyoloji nan 2 dènnye ane yo
- Tout tès newoloji (EMG, EEG) oswa tès poumon nan 2 ane ki sot pase yo
- Rezime egzeyat lopital la
- Tout dosye sante mantal pou 2 dènnye ane yo

*Yon otorizasyon separe pou chak demann pou divilge rezilta tès VIH/SIDA yo, M.G. L. c111§ 70F

** Divilgasyon enfòmasyon yo dwe konfòme yo ak Lwa sou Konfidansyalite HIPAA federal la ak règleman federal Konfidansyalite pou Alkòl ak Abi Dwòg Kliyan, 42 CFR, pati 2 règleman yo. Nòt pou moun k ap resevwa yo: Sa a gen enfòmasyon konfidansyèl. 42 CFR pati 2 entèdi ou fè okenn lòt divilgasyon enfòmasyon sa yo sof si konsantman alekri moun li konsène a pèmèt li oswa si lalwa pèmèt sa. Yon otorizasyon jeneral pou divilge enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon PA sifi pou objektif sa a. Règ federal yo mete restriksyon sou nenpòt itilizasyon enfòmasyon yo pou envestige kriminel oswa pouswiv nenpòt abi alkòl oswa dwòg.

Pa laprezant mwen divilge enfòmasyon sou sante mwen pou objektif ki endike anwo a. Mwen konprann ke yon fwa yo te divilge enfòmasyon sa yo bay moun k ap resevwa yo, OCHS pa ka garanti ke moun k ap resevwa a pa pral re-divilge enfòmasyon sante mwen an bay yon tyès pati. Tyès pati a ka pa oblije respekte Otorizasyon sa a oswa lwa federal ak eta ki aplikab ki gouvènè itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante mwen.

Si mwen gen kesyon sou divilgasyon enfòmasyon sante mwen an, mwen ka kontakte Ofisye Konfòmite Sèvis Sante Outer Cape la: 508-905-2820 oswa patientexperience@outercape.org

Tanpri voye tout dosye medikal yo mande yo bay:

Outer Cape Health Services

P.O. Box 598, Harwich Port, MA 02646

Faks: 508-487-6298

Telefòn: 774-209-3232

Yon faks oswa yon kopi dokiman sa a valab kòm orijinal la.
Eskane Dokiman Konplete nan EMR: Konsantman ak Kontra

Revize Janvyè 2025



HEALTH SERVICES

Otorizasyon Divilgasyon Reprezantan Pasyan

Lè w ranpli fòm sa a epi siyen anba a:

Mwen bay Outer Cape Health pèmasyon pou m revize istwa sante mwen ak reprezantan pasyan mwen an (ki endike anba a).

Mwen konprann sa ka gen ladan detay sansib, tankou:

- Tretman pou abi alkòl ak/oswa dwòg
- VIH/ Maladi ki Kontajye
- Tès Jenetik
- Sèvis Sante Mantal

Mwen bay reprezantan mwen otorizasyon tou pou mande yon kopi dosye medikal mwen an non mwen ak konpreyansyon ke Reprezantan Pasyan mwen an pral ranpli yon Fòm Otorizasyon pou Demann Enfòmasyon Pwoteje. Pèmasyon sa a ap ekspire sèlman si mwen anile oswa chanje li, oswa lè mwen mouri. Mwen ka anile oswa chanje li nenpòt ki lè. Chanjman yo dwe fèt alekri epi voye yo bay Outer Cape Health Services nan adrès ki sou fòm sa a. Mwen konprann ke chanjman oswa anilasyon:

- P ap afekte enfòmasyon yo deja pataje ak reprezantan mwen yo
- P ap kòmanse jiskaske Outer Cape Health Services resevwa demann alekri mwen an

Si mwen vle chanje reprezantan mwen an (yo), mwen dwe ranpli yon nouvo fòm. Mwen konprann ke lè mwen ranpli yon nouvo fòm, ansyen fòm mwen an pa valab ankò. Reprezantan mwen an (yo) pa kapab pataje enfòmasyon san pèmasyon mwen. Si yo pataje san pèmasyon mwen, lwa federal pa ka pwoteje aksyon sa yo. Mwen dakò kite Outer Cape Health Services pale ak reprezantan mwen an (yo). Mwen pa bezwen siyen fòm sa a pou asire mwen jwenn tretman.

Enfòmasyon Mwen (Pasyan) Non: _____ Dat Nesans: _____

Ri: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Reprezantan Pasyan (yo): Tanpri bay lis moun ki ka reprezantan pasyan ou. Anplwaye yo ap mande non w ak dat nesans ou anvan w pale ak reprezantan w la. Tanpri asire w ke yo gen enfòmasyon sa yo.

1. Non Reprezantan an _____ Relasyon ak Pasyan: _____

Telefòn #: _____

2. Non Reprezantan an _____ Relasyon ak Pasyan: _____

Telefòn: _____

3. Non Reprezantan an _____ Relasyon ak Pasyan: _____

Telefòn: _____

Mwen konprann lè mwen siyen pi ba a mwen bay Outer Cape Health Services pèmasyon pou yo pale ak reprezantan mwen an (yo) ki nan lis pi wo a sou enfòmasyon sante mwen san restriksyon.

Siyati Pasyan oswa Reprezantan Legal

Dat

Si Reprezantan Legal la siyen, Relasyon ak Pasyan an

Tanpri voye fòm sa a nan Depatman Dosye Medikal oswa pote l nan klinik ou a:

Outer Cape Health Services

PO BOX 598 Harwich Port, MA 02642

Faks: (508) 487-6298

Tretman, Peman ak Done Akò

Non Pasyan an: _____ Dat Nesans: _____

- Mwen bay konsantman mwen epi mwen otorize Outer Cape Health Services pou yo trete nenpòt kondisyon medikal oswa sante mantal si founisè swen an te eksplike mwen kondisyon mwen an, pwosedi tretman yo ak metòd altènatif pou trete kondisyon mwen an. Founisè swen an te diskite avèk mwen sou risk previzib nan tretman ki endike anwo a e ke ka gen rezilta endezirab.
- Mwen konprann Outer Cape Health Services opere yon pratik swen primè ki entegre sèvis sante konpòtmantal, sa vle di anplwaye sante konpòtmantal yo fè pati ekip medikal mwen ak eksperyans mwen, e ke yon founisè sante konpòtmantal wè yo nan swen prensipal ka lakòz lòt chaj nan asirans mwen an. Sa ka lakòz tou yon kopeman oswa koasirans adisyonèl. Mwen rekonèt ke nan ka pwoteksyon ensifizan, mwen pral responsab pou balans ki rete a.
- Mwen otorize egzamen ak tretman pou sa a ak tout vizit medikal oswa sante mantal apre yo.
- Mwen te li ak anpil atansyon epi byen konprann Fòm Konsantman Enfòmasyon sa a epi yo te reponn tout kesyon mwen yo byen.
- Mwen konprann mwen pèsònèlman responsab pou tout frè ak franchiz yo. Asistans finansye disponib pou moun ki kalifye yo.
- Mwen aksepte tout responsablite pou peman sèvis yo ak/oswa pou jwenn referans ki nesès pou swen prensipal oswa apwobasyon anvan pou vizit medikal yo. Si sa aplikab, mwen konprann ke mwen gen yon obligasyon pou jwenn yon referans pou sèvis espesyalis nan men doktè premye swen mwen (PCP) anvan mwen resevwa sèvis yo.
- Mwen rekonèt si rekòmandasyon/otorizasyon apwopriye yo pa nan dosye nan moman sèvis yo bay yo, mwen responsab finansyèman pou nenpòt chaj konpayi asirans sante mwen an refize kòm rezilta.
- Mwen pèsònèlman responsab pou bay enfòmasyon egzat ak aktyèl sou asirans.
- Mwen otorize yon fotokopi deklarasyon sa a pou sèvi kòm orijinal epi sèvi ak siyati sa a sou tout soumèt asirans.
- Mwen otorize divilge tout enfòmasyon ki nesès pou garanti peman benefis yo.
- Mwen konprann Outer Cape Health Services ka itilize done ki devlope pou e/oswa kliyan yo bay yo pou detèmine karakteristik jeneral kominote li sèvi yo e ke okenn nan enfòmasyon sa yo p ap idantifye kliyan endividyèl yo.
- Mwen sètifye enfòmasyon ki anwo yo vre e kòrèk. Mwen te resevwa yon kopi Outer Cape's Notice of Privacy Practices (HIPAA) ak Dwa ak Responsablite Pasyan yo.

Siyati Pasyan an _____ Dat _____

Enfòmasyon Jeneral: N ap jwenn konsantman enfòmasyon nan men tout pasyan k ap jwenn aksè nan sèvis/aktivite medikal, sante konpòtmantal, ak/oswa rechèch. Konsantman enfòmasyon se pa sèlman yon dokiman ki siyen. Li se yon pwosesis kontinyèl ki konsidere bezwen pasyan yo ak **preferans, konfòmite ak lwa ak règleman, ak edikasyon pasyan.**

Yo bay pasyan an ak/oswa fanmi an, jan sa apwopriye, enfòmasyon sou:

- Kondisyon pasyan an;
- Pwopoze tretman, pwosedi, oswa aktivite rechèch
- Benefis ak dezavantaj potansyèl tretman oswa pwosedi yo pwopoze;
- Pwoblèm ki gen rapò ak rekipasyon;
- Tretman(yo) oswa pwosedi altènatif(yo);
- Doktè a oswa lòt pratikan ki responsab prensipalman swen pasyan an;
- Lòt moun ki otorize oswa fè pwosedi oswa tretman; epi
- Nenpòt relasyon biznis ant moun k ap trete pasyan an, oswa ant òganizasyon an ak nenpòt lòt etablisman sante.

Outer Cape Health fè pati yon aranjman swen sante òganize ki gen ladan patisipan yo nan OCHIN. Yon lis aktyèl patisipan OCHIN disponib nan www.ochin.org. Kòm yon biznis asosye nan Outer Cape Health, OCHIN bay teknoloji enfòmasyon ak sèvis ki gen rapò ak Outer Cape Health ak lòt patisipan OCHIN. OCHIN angaje tou nan evalyasyon kalite ak aktivite amelyorasyon nan non patisipan li yo. Pa egzanp, OCHIN kowòdone aktivite revizyon klinik yo nan non òganizasyon k ap patisipe yo pou etabli estanda pi bon pratik ak jwenn aksè nan benefis klinik ki ka soti nan itilizasyon sistèm dosye sante elektwonik yo. OCHIN tou ede patisipan yo travay an kolaborasyon pou amelyore jesyon referans pasyan entèn ak ekstèn yo. Outer Cape Health ka pataje enfòmasyon sou sante w ak lòt patisipan OCHIN lè sa nesès pou rezon operasyon swen sante nan aranjman swen sante òganize a.

Enfòmasyon ki nan dosye medikal ou konfidansyèl epi yo pwoteje anba lwa federal ak lwa Massachusetts. Yo pral mande konsantman ou alekri pou divilge enfòmasyon eksepte nan sèten sikonstans kote konsantman pa obligatwa legalman.